दिन–शनिवार दिनांक–14.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि पीएम आवास योजना, ग्रामीण के अंतर्गत बिहारक एक लाख सँ बेसी लाभार्थी लोकनिक खाता मे पहिल किस्तक राशि जारी करताह। श्री मोदी जमशेदपुर मे आयोजित कार्यक्रम मे लाभार्थी लोकनि के पहिल किस्तक रूप मे चालीस–चालीस हजार टाकाक राशि हस्तांतरित करताह। काल्हिये एहि योजनाक अंतर्गत निर्मित आवासक मालिक के सांकेतिक रूप सँ स्वामित्व सेहो सौंपल जायत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि पटना–टाटानगर, भागलपुर–हावड़ा, आ गया–हावड़ा के मध्य तीन वंदे भारत ट्रेन के वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ हरियर झंडी देखा कऽ विदा करताह। भागलपुर हावड़ा वंदे भारत ट्रेनक परिचालन सत्रह सितम्बर सँ नियमित रूप सँ कयल जायत। ओतहि, गया–हावड़ा वंदे भारत ट्रेनक नियमित परिचालन अठारह सितम्बर सँ आ पटना–टाटानगर वंदे भारत ट्रेनक परिचालन बाईस सितम्बर सँ होयत।

---

पटना उच्च न्यायालय सहित प्रदेशक सभ अदालत मे आइ राष्ट्रीय लोक अदालत के आयोजन कयल गेल। लोक अदालत मे आपसी सहमति के आधार पर विभिन्न प्रकारक दीवानी आ किछु फौजदारी मामिलाक निबटारा कयल गेल। बिहार राज्य विधिक सेवा प्राधिकार सँ भेटल जनतबक अनुसार लोक अदालत मे बैंक ऋण, बिजली आ टेलीफोन बिल विवाद, वाहन दुर्घटना बीमा, श्रमवाद, नीलाम पत्रवाद आ पारिवारिक मामिलाक निबटारा आपसी सहमति के आधार पर कयल गेल।

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि अछि जे जँ बिहार मे हुनक सरकार बनैत अछि तऽ मिथिलाक विकासक लेल मिथिलांचल डेवलपमेंट अथॉरिटी के गठन कयल जायत। मधुबनी मे कार्यकर्ता लोकनि सँ संवाद करैत श्री यादव कहलनि जे मिथिला के चहुँमूखी विकासक लेल ई एक महत्वपूर्ण डेग होयत। ओ कहलनि जे मिथिला क्षेत्रक बेसीतर सांसद एनडीए सँ छथि मुदा ई लोकनि क्षेत्रक विकासक लेल कोनो प्रभावी डेग नहिं उठौलनि अछि।

——————————————————

प्रदेश भाजपा अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल कयलनि अछि जे नरेन्द्र मोदी सरकारक तेसर कार्यकाल मे बिहारक प्रगति पर विशेष जोर देल जा रहल अछि। डॉक्टर जायसवाल कहलनि जे सरकार शुरू के सय दिन मे केन्द्रीय बजट मे बिहार के अंठावन हजार नओ सय करोड़ टाका के राशि आवंटित कयलक अछि। ओतहि, बिहार के संघ कर आ शुल्क के रूप मे एक लाख पच्चीस हजार चारि सय चौवालीस करोड़ टाका देल गेल अछि। ओ कहलनि जे सड़क परियोजना सभक लेल बिहार के छब्बीस हजार सात सय दस करोड़ टाका स्वीकृत कयल गेल अछि। डॉक्टर जायसवाल कहलनि जे केन्द्र सरकार अट्‌ठाईस हजार करोड़ टाका के लागति सँ समेकित उत्पादन क्लस्टर के निर्माणक स्वीकृति देलक अछि। एहि सँ दस लाख सँ बेसी लोक सभ के रोजगारक अवसरि भेटत। ओ कहलनि जे अमृतसर–कोलकाता कॉरिडोर के अंतर्गत गया मे औद्योगिक शहरक निर्माण के सेहो स्वीकृति देल गेल अछि। एकर अलावे भागलपुरक पीरपैंती मे एकैस हजार चारि सय करोड़ टाका के लागति सँ चौबीस सय मेगावाटक पावर प्रोजेक्टक स्थापना कयल जायत।

——————————————————

आइ हिन्दी दिवस अछि। आइये के दिन उन्नैस सय उनचास मे संविधान सभा देवनागरी लिपि मे हिन्दी के देशक आधिकारिक भाषा के रूप मे लागू कयने छल। हिन्दी दिवस देश मे हिन्दी भाषा के प्रोत्साहित करबाक लेल मनाओल जायत अछि। हिन्दी विश्वक तेसर सभ सँ बेसी बाजल जायवला भाषा अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, गृहमंत्री अमित शाह हिन्दी दिवस पर लोक सभ के बधाई देलनि अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि अवसर पर प्रदेशवासी लोकनि के शुभकामना देलनि अछि। एहि दिवसक अवसरि पर प्रदेशभरि मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। विभिन्न संगठन आ कार्यालय सभ मे आइ सँ हिन्दी पखबारा के शुरूआत भेल अछि। हिन्दी दिवसक

उपलक्ष्य मे मंत्रिमंडल सचिवालय विभाग–राजभाषा के दिस सँ बिहार राज्य अभिलेख भवन मे हिन्दी दिवस सह कवि सम्मेलनक आयोजन कयल गेल।

——————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक बेसीतर भाग मे रूकि–रूकि कऽ वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक अंतर्गत जमुई, नवादा, शेखपुरा आ बांका जिला मे किछु ठाम भारी वर्षा हेबाक संभावना के देखैत ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। ओतहि, लखीसराय, मुंगेर, गया आ नालंदा जिला मे भारी वर्षा के संभावना के देखैत येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि। राज्यक शेष भाग मे हल्का सँ मध्यम वर्षा हेबाक पूर्वानुमान अछि।

——————————————————————

समस्तीपुर जिलाक मुसरीघरारी थाना क्षेत्रक फतेहपुर गामक लऽग राष्ट्रीय उच्चपथ संख्या–अट्ठाईस पर एक मिनी ट्रक के चपेट मे अयला सँ दू स्कूली छात्रा के मृत्यु भऽ गेल जखनकि तीन आन छात्रा गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलीह।

——————————————————————

खगड़िया रेलवे स्टेशन पर रेल पुलिस एक ट्रेन सँ दू सय बीस कछुआ के संग तीन तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। सभ तस्कर उत्तर प्रदेशक सुल्तानपुर निवासी अछि।

——————————————————————

समाप्त